

Avi sou Pratik Konfidansyalite

Enfòmasyon w yo. Dwa w yo. Responsablite nou.

Avi sa a dekri fason nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou ak fason ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri, byen revize l.

Dwa Ou Genyen yo

Ou gen dwa pou ou:

- Jwenn yon kopi dosye medikal ou sou fòm papye oswa elektwonik
- Koriye dosye medikal sou fòm papye oswa elektwonik ou an
- Mande pou gen kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou nou limite enfòmasyon nou pataje yo
- Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou ak yo
- Jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a
- Chwazi yon moun pou reprezante w
- Depoze yon plent si ou kwè yo te vyole dwa konsènan vi prive w

➤ *Gade paj 2 pou plis enfòmasyon sou dwa sa yo ak fason pou w egzèse yo*

Chwa w yo

Ou gen dwa ak chwa pou mande nou pou nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi, zanmi pwòch ou oswa lòt moun ki enplike nan swen w
- Pataje enfòmasyon lè gen sekou pou yon katastwòf natirèl
- Ajoute w nan yon repètwa lopital *
- Bay swen sante mantal
- Pa vann enfòmasyon ou yo oswa itilize yo pou maketing **
- Pa patisipe nan kolèk fon pou PCE ***

➤ *Gade nan paj 3 a pou ou jwenn plis enfòmasyon sou chwa sa yo ak fason pou w egzèse yo*

Fason nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon

Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon w yo lè nou:

- Trete ou
- Jere òganizasyon nou an
- Voye bòdwo ba ou pou sèvis ou yo
- Ap bay èd pou kesyon sante piblik ak pwoblèm sekirite
- Fè rechèch ****
- Ap respekte lalwa
- Reponn demann pou don ògàn ak tisi*****
- Travay ak yon medsen lejis oswa direktè ponp finèb*****
- Ap reponn demann konpansasyon travayè, fòs delòd, ak lòt demann gouvènman an
- Ap reponn kesyon plent ak aksyon devan lajistis

➤ *Gade nan paj 3 ak 4 pou plis enfòmasyon sou fason nou itilize ak pataje enfòmasyon*

Dwa Ou Genyen yo

Nan zafè enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa.

Seksyon sa a eksplike dwa w genyen ak kèk nan responsablite nou genyen pou ede w.

Pou ou jwenn yon kopi dosye medikal ou sou papyè oswa sou fòm elektwonik

- Ou kapab mande pou ou wè oswa jwenn yon kopi dosye medikal ou sou papyè oswa sou fòm elektwonik ak lòt enfòmasyon nou genyen sou ou. Mande nou fason pou w fè sa.
- Jeneralman, nou ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante ou nan yon delè 30 jou apre ou fin mande li. Nou kapab mande w peye yon ti kòb, ki baze sou depans ki fèt pou sa.

Mande nou pou nou korije dosye medikal ou

- Ou kapab mande nou korije enfòmasyon sou sante w ou panse ki pa kòrèk oswa pa konplè. Ask us how to do this.
- Nou gendwa refize demann ou an, men n ap di ou rezon an alekri nan yon delè 60 jou.

Mande pou gen kominikasyon konfidansyèl

- Ou kapab mande nou kontakte w yon fason byen presi (pa egzanp, nan telefòn lakay ou oswa nan biwo w) oswa pou nou voye kourye ba w nan yon lòt adrès.
- N ap reponn “wi” pou tout demann ki rezonab yo.

Mande nou limite sa nou ap itilize oswa pataje

- Ou kapab mande nou pa itilize oswa pataje kèk enfòmasyon sou sante w pou tretman, pèman, oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije aksepte demann ou an, epi nou kapab di “non” si sa ap gen efè sou swen w.
- Si ou peye tout lajan pou yon sèvis oswa pwodwi pou swen sante ak lajan nan pòch ou, ou kapab mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa yo pou touche oswa pou operasyon nou ak konpayi asirans sante ou an. N ap di “wi” sof si gen yon lwa ki egzije pou nou pataje enfòmasyon sa yo*****

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ak yo

- Ou kapab mande nou yon lis (rapò) ki gen tout fwa nou te pataje enfòmasyon sante ou pandan sis (6) lane anvan dat ou mande yo a, avèk ki moun nou te pataje yo, ak rezon an.
- Nou pral mete tou sa nou te pataje yo, sof enfòmasyon sou tretman, peman, ak operasyon swen sante, ak sèten lòt enfòmasyon nou te pataje (tankou sa ou te mande pou nou pataje yo). Nou pral bay yon sèl rapò pa ane gratis men nou pral mande pou w peye yon frè ki rezonab pou depans nou fè pou prepare rapò a si ou mande yon lòt nan yon delè 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi sou konfidansyalite sa a

- Ou kapab mande yon kopi papyè sa a avi sa a nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou ou resevwa avi a sou fòm elektwonik. Nou ap ba w yon kopi sou papyè byen rapid. Anplis, ou ka jwenn avi sa a sou sitwèb nou an, PCENJ.org, ak nan biwo resepsyon ki nan biwo nou an.

Chwazi yon moun pou reprezante w

- Si w te bay yon moun yon pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa ou yo epi fè chwazi konsènan enfòmasyon sou sante w.
- Nou ap asire nou moun nan gen otorite sa a epi li kapab aji pou ou anvan nou ap pran nenpòt mezi.

Depoze yon plent si w santi yo te vyole dwa w

- Si ou santi nou te vyole dwa ou, ou ka kontakte nou gras ak enfòmasyon ki sou premye paj la pou w pote plent.
- Ou kapab depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil ki nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights) lè ou voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, lè ou rele nan 1-877-696-6775 oswa ale sou www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou p ap fè reprezay kont ou si ou depoze yon plent.

Chwa w yo

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou kapab di nou sa ou vle nou pataje.

Si ou gen yon fason ou vle nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyaasyon nou dekri anba yo, pale ak nou. Di nou kisa w vle nou fè, epi nou ap suiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou mande nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki enplike nan swen w
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyaasyon kote y ap òganize sèvis sekou yo apre yon dezaz
- Ajoute enfòmasyon w nan yon repètwa lopital *

Si w pa kapab di nou sa w prefere, pa egzanp, si ou pèdi konesans, nou kapab kontinye pataje enfòmasyon w yo, si nou kwè se sa ki ap pi bon pou ou. Epi ou, nou ka pataje enfòmasyon ou yo lè sa nesèsè pou diminye yon gwo menas ki pandye sou sante ouswa sekirite ou.

Nan ka sa yo, nou p ap janm pataje enfòmasyon ou yo sòf si w ban nou pèmasyon alekri:

- Pou fè maketing
- Pou vann enfòmasyon w yo **
- Pataje pifò nòt sikoterapi yo

Nan ka pou kolekte fon:

- Nou kapab kontakte w pou kesyon kolèk fon, men ou kapab di nou pa kontakte w ankò. ***

Fason nou itilize ak Pataje Enfòmasyon

Ki fason nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou yo, an jeneral?

An jeneral, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou fason ki vin apre yo.

Trete ou

- Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante w yo epi pataje yo avèk lòt pwofesyonèl ki ap ba w tretman.

Pa egzanp: Yon jesyonè swen k ap travay ak jèn ou an mande medsen an enfòmasyon sou pwogrès jèn ou fè nan terapi a

Jere òganizasyon nou an

- Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w yo pou jere lopital nou an, amelyore swen w, epi kontakte w lè sa nesèsè.

Pa egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante w yo pou jere tretman ak sèvis ou yo.

Voye fakti ba ou pou sèvis ou yo

- Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sou sante ou pou voye fakti ba ou ak touche nan men plan sante yo oswa lòt kote.

Pa egzanp: Nou bay Medicaid enfòmasyon sou ou yon fason pou li ka peye pou sèvis ou yo.

kontinye nan pwochen paj la

Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo? Nou gen otorizasyon oswa obligasyon pou pataje enfòmasyon w yo nan lòt fason - an jeneral nan fason ki kontribye pou byennèt piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou oblije ranpli plizyè kondisyon lalwa prevwa anvan nou pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.htm.

Bay èd pou kesyon sante piblik ak pwoblèm sekirite	- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w yo pou kèk sitiyasyon tankou: - Fè prevansyon kont maladi - Ede yo rantrè pwodui - Rapòte move reyaksyon fas ak medikaman yo - Rapòte abi, neglijans oswa vyolans domestik nou sispèk - Anpeche oswa redui menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun
Fè rechèch	Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch sou lasante. ****
Respekte lalwa	Nou pral pataje enfòmasyon sou jèn ou an si lwa Eta oswa lwa federal yo egzije sa a, tankou avèk Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si li vle wè nou respekte lwa federal sou konfidansyalite.
Reponn demann pou don ògàn ak tisi	Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w yo bay òganizasyon ki resevwa ògàn yo. *****
Travay ak yon medsen lejis oswa direktè ponp finèb	Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w yo bay yon medsen lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb lè yon moun mouri. *****
Reponn demann konpansasyon travayè, lapolis, ak lòt demann gouvènman	- Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo: - Pou reklamasyon konpansasyon travayè - Pou fè respekte lalwa oswa pou bay fòs delòd yo - Bay ajans siveyans sante yo pou aktivite lalwa otorize yo - Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidan
Reponn kesyon plent ak aksyon devan lajistis	Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w yo pou reponn yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, oswa pou reponn yon manda.

** PCE pa kreye oswa kenbe yon repètwa lopital*
*** PCE p ap janm vann enfòmasyon ou yo*
**** PCE pa kontakte jèn yo oswa fanmi yo pou fè kolèk fon*
***** PCE pa patisipe nan rechèch sou sante*
****** PCE pa kominike ak òganizasyon ki resevwa ògàn*
****** PCE pa kominike ak doktè lejis oswa direktè ponp finèb*
****** PCE pa voye fakti bay asirans prive w la*

Lè lwa sou konfidansyalite New Jersey yo pi sevè pase lwa federal yo, PCE aplike lwa sou konfidansyalite New Jersey yo.

Responsablite Nou

- Lalwa egzije nou pou n kenbe enfòmasyon medikal pwoteje ou yo an sekre epi an sekirite.
- Nou pral enfòme w san pèdi tan si gen yon bagay ki ka mete konfidansyalite ouwa sekirite enfòmasyon ou menm ak/oswa jèn ou an danje.
- Nou dwe respekte obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi nou dwe ba ou yon kopi avi a.
- Nou pa pral ni itilize ni pataje enfòmasyon ou yo nan yon lòt fason ki pa dekri la a, amwenske ou te ekri nou pou fè nou konnen nou ka fè sa. Si ou di nou, nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt ki lè. Si ou chanje lide, ekri nou pou ou di nou sa.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

Gen yon deskripsyon pi detaye pratik konfidansyalite nou yo ki disponib nan PCE si w mande jesyonè swen w lan ouwa Ofisye Konfidansyalite PCE HIPAA a.

Chanjman nan Kondisyon Avi sa a

Nou kapab chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo pral aplikab pou tout enfòmasyon nou genyen sou jèn ou an. Jesyonè swen w lan ap ba w nouvo avi epi li disponib si w mande l nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

Dat Avi a Antre an Vigè 4 fevriye 2025

PCE HIPAA Privacy Officer



Compliance_Manager@pcenj.org



(973) 323-3000 x2035